



The Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Health and Human Services
Department of Public Health
Bureau of Infectious Disease and Laboratory Sciences
305 South Street, Jamaica Plain, MA 02130

CHARLES D. BAKER
Governor

KARYN E. POLITO
Lieutenant Governor

MARYLOU SUDDERS
Secretary

MONICA BHAREL, MD, MPH
Commissioner

Tel: 617-624-6000
www.mass.gov/dph

Enfòmasyon ak Direktiv pou Moun ki nan Izòlman difèt COVID-19

Ou blije izole tèt ou (mete w apa) vizavi lòt moun swa paske yo te dyagnostike ke w gen tout bon vre jèm maladi Resan (Nouvo) Kowonaviris (COVID-19) lan oswa paske w te ankontak anpil ak COVID-19 lan epi kounyea ou devlope sentòm.

Se yon viris ki lakòz COVID-19. Li simaye atravè sekresyon respiratwa (krache ak ti gout ki soti nan touse ak estènnye) yon moun enfekte epi li ka lakòz maladi grav tankou nemoni (enfeksyon nan poumon) epi nan kèk ka ra, lanmò.

Ou sipoze rete nan izòlman jiskaske yon otorite sante piblik (Depatman Sante Piblik Massachusetts oswa Komisyon Konsèy Sante a ki tou pre w) di ke w ka kite kay ou. Yon otorite sante piblik pral konfime ke w ka kite kay ou osito yo detèmine ke risk ou genyen pou w enfekte lòt moun vin ba. Pou pifò nan pasyan yo, peryòd izòlman obligatwa sa a pral dire apeprè 10 jou, men li gendwa pi long si sentòm ou yo pèsiste.

Pandan peryòd izòlman an, ou pa gendwa gen vizitè kote w izole a. Si w sipoze pataje lojman ak yon lòt moun, lè sa a, moun sa sipoze vin nan karantèn. Si yon moun nan kay ou se yon timoun piti, yon fanm ansent, yon moun sistèm defans kò li fèb oswa yon moun ki gen yon maladi kwonik nan kè, fwa, poumon oswa ren oswa si li gen plis pase 65 an daj, moun sa espesyalman arisk si li pran kontak ak ou pandan izòlman w. Si nenpòt moun ou te gen kontak avè l ta nan nenpòt kategori nou fèk sot dekri yo, tanpri pale sa ak komisyon konsèy sante a ki tou pre w oswa ak Depatman sante piblik Massachusetts dekwa pou yo pran mezi pou pwoteje endividi sa yo.

Komisyon Konsèy Sante a ki tou pre w ansanm ak Depatman Sante Piblik Massachusetts pral travay ak ou pou idantifye nenpòt moun, sa enkli manm lakay ou, ke yo ta konsidere kòm moun ki te ankontak ak ou epitou, yo pral fè rekòmandasyon ki obligatwa pou karantèn.

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou sa *pou fè* ak sa *pou pa fè* pandan w nan izòlman. Si w gen kesyon lè w fin li sa a, ou ka rele Komisyon Konsèy Sante a ki tou pre w oswa Depatman Sante Piblik Massachusetts ki disponib 24 sou 24 epi 7 jou sou 7 nan 617-983-6800.

Pandan w nan izòlman ou ta dwe swiv direksyon sa yo:

1. Pa kite kay ou eksepte pou swen medikal ijan. Si w dwe kite kay ou pou swen medikal ijan, mete yon mask, tankou yon mask twal oswa yon mask chirijikal. Si l pa disponib, eseye kenbe yon distans sis pye ak lòt moun; lè sa pa posib, limite tan ke w pase pre moun pou senk minit oswa mwens. Rele founisè swen sante a anvan w ale epi di li ke w gen enfeksyon COVID-19 lan. Pou pwoteje lòt moun, ou ta dwe itilize pwòp machin ou oswa rele yon anbilans pou ale kay founisè swen sante w. **Pa pran transpò piblik, pa pran woulib (pa egzanp Uber oswa Lyft), ni taksi nan okenn sikonstans.**
2. Mete yon mask, tankou yon mask twal oswa yon mask chirijikal, si w dwe ankontak ak yon lòt moun. Si l pa disponib, eseye kenbe yon distans sis pye ak lòt moun; lè sa pa posib, limite tan ke w pase pre moun pou senk minit oswa mwens.
3. Pa kite okenn vizitè vin lakay ou.
4. Si posib, lòt moun pa ta dwe viv lakay ou pandan w nan izòlman anndan l.
5. Pa pataje chanm ni twalèt ak okenn lòt moun.
6. Pa pataje sèvyèt ni dra, ni kouvèti kabann ak lòt moun.
7. Lave rad sal ou yo separe ak rad sal lòt moun.
8. Pa pataje istansil pou manje oswa istansil pou bwè. Lave istansil yo nòmalman nan yon machin alave oswa lave yo alamen avèk dlo tyèd ak savon.
9. Kouvri bouch ou ak nen w lè w ap touse oswa estènye epitou jete tisi yo nan yon poubèl ki double ak yon sachè. Apresa, lave men w.
10. Lave men w souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, sèvi ak yon dezenfektan pou men ki gen alkòl e ki gen omwen 60% alkòl.

Nenpòt moun anndan kay ou ke w sipoze ankontak ak li ta dwe:

1. Pwoteje sante l epi veye si l gen:
 - a. Yon fyèv (tanperati plis pase 100.3 degre). Yo ta dwe pran tanperati yo maten ak aswè.
 - b. Lòt sentòm tankou yon tous, mal pou respire, souf kout, frison, doulè nan misk oswa nan kò, mal tèt oswa dyare.
2. Lave men souvan avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, yo dwe sèvi ak yon dezenfektan pou men ki gen alkòl e ki gen omwen 60% alkòl.
3. Mete yon mask, tankou yon mask twal oswa yon mask chirijikal, lè yo gen kontak pre ak ou. Si l pa disponib, eseye kenbe yon distans sis pye ak lòt moun; lè sa pa posib, limite tan ke w pase pre moun pou senk minit oswa mwens. Yo ta dwe pran prekosyon pou yo manyen sèlman pati nan mask la ki ale alantou zòrèy yo oswa deyè tèt la. Pa manyen devan mask la. Yo ta dwe lave men yo imedyatman apre yo fin retire mask la.
4. Mete gan jetab si yo gen kontak dirèk avèk likid kò w (krache/plòt krache, mikis, pipi, poujou, vomi) oswa si yo manyen rad sal ou yo. Retire gan yo ak anpil prekosyon san w pa manyen deyò gan yo, jete gan yo epi, lave men yo avèk dlo ak savon oswa yon pwodui pou men ki gen alkòl.

Si nenpòt moun anndan kay ou devlope nenpòt nan sentòm sa yo, kontakte depatman sante ki tou pre w oswa Depatman Sante Piblik Massachusetts nan nimewo telefòn sa yo ki anba a.

Si yo bezwen swen medikal, yo ta dwe rele founisè swen sante yo anvan yo deplase epi di yo ke yo gendwa te ankontak ak viris COVID-19.

Lòt konsèy pou anpeche jèm ou yo simaye:

1. Ou ta dwe mete gan, tisi, mask ou yo ak lòt fatra nan yon sache, byen mare epi, mete yo ak lòt fatra kay la.
2. Lesiv ou gendwa fèt nan yon machin alave estanda avèk dlo tyèd ak savon. Yo gendwa itilize klowòks, men li pa nesesè. Pa sekwe rad sal yo epi pa kite rad sal yo touche po kò oswa rad okenn moun.
3. Sifas nan kay la ke w manyen oswa ki vin sal ak likid kò w (krache/plòt krache, mikis, pipi, pou pou, vomi) ta dwe netwaye epi dezenfekte avèk yon dezenfektan pou kay dapre direksyon ki sou etikèt la. Mete gan pandan wap netwaye.
4. Saldeben w ta dwe netwaye chak jou avèk yon dezenfektan pou kay dapre direksyon ki sou etikèt la. Mete gan pandan wap netwaye.

Pandan konbyen tan ou ta dwe swiv enstriksyon sa yo?

Wap bezwen rete izole toutotan gen chans pou w simaye enfeksyon an bay lòt moun. Yon otorite sante piblik (MDPH oswa komisyon konsèy sante a ki tou pre w) pral pran kontak ak ou epi li pral di w kilè ou kapab kanpe izòlman an. Pou pifò nan pasyan yo, peryòd izòlman obligatwa a se 10 jou, men li gendwa pi long si sentòm ou yo pèsiste, si w devlope yon maladi grav ki mande pou entènè lopital oswa si sistèm defans kò w fèb.

Èske w gen kesyon?

Tanpri, si w ta gen nenpòt kesyon, rele founisè swen sante w, komisyon konsèy sante a ki tou pre w oswa Depatman Sante Piblik Massachusetts la.

1. **Non Founisè Swen Sante w:** _____
Nimewo Telefòn: _____
2. **Komisyon konsèy sante a ki tou pre w (Ti bouk/Vil):** _____
Moun pou kontakte & Nimewo Telefòn: _____
3. **Depatman Sante Piblik Massachusetts: Telefòn Epidemyolojis la ki Degad: (617) 983-6800**
(7 jou pa semèn/24 èdtan pa jou)

Mèsi pou kooperasyon aktif ou nan zafè kenbe tèt ou, fanmi w, ak kominote w ansante epi ansekirite.

Dat yo bay pasyan an: _____
Moun nan ki bay li (non): _____

Enstriksyon adisyonèl oswa fèy enfòmasyon gendwa tache ak dokiman sa a jan sa aplikab.